



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOGRAM TÈS RAPID NEW YORK FORWARD LA POU EDE BIZNIS AK ANTITE KI ÒGANIZE EVÈNMAN YO REOUVRI NAN TOUT SEKIRITE

Patenarya Piblik-Prive a te premye anonse nan Diskou Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a an 2021 pou mete tè rapid a ba pri disponib pou aktivite ekonomik ki amelyore

Onz sit inisyal ouvri jodi a nan Vil New York ki kapab fè plis pase 5,000 tè pa jou

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman Nouvo Pwogram Tès Rapid New York Forward la pou ede biznis yo reouvri nan tout sekirite. Patenarya piblik-prive inik sa - ki te premye anonse nan Diskou Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a an 2021 - ap fè tè rapid a ba pri disponib pou piblik la pou sipòte aktivite ekonomik amelyore pandan Eta a kontinye ap reouvri sektè nan ekonomi an. Onz premye sit yo ap ouvri jodi a nan Vil New York ak kapasite pou fè plis pase 5,000 tè pa jou, pandan sit siplemantè yo pwograme pou ouvri nan Vil New York ak lòt pati nan eta a nan semèn k ap vini yo.

"Pandan tout pandemi COVID lan, nou te depann de lasyans sou emosyon ak retorik politik pou oryante desizyon nou yo, ki itilize tout zouti ki disponib pou dirije defi sante piblik ak ekonomik New York yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen te di depi nan kòmansman fè tè se pral yon pati kle nan rekiperasyon apre pandemi an paske l ap ede nou akselere reouvèti ekonomi nou an - san nou pa defèt pwogrè ekstraòdinè nou te fè nan konbat viris la. Avèk sit tè yo ki sitiye nan tout Vil la, Pwogram Tès Rapid New York Forward la ap ede nou asire ke nou ap ankouraje aktivite ekonomik pandan n ap minimize risk pou sante moun yo."

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "COVID-19 la pa t sèlman yon gwo deranjman pou lavi moun chak jou, men tou pou ekonomi eta a ak mwayen sibzistans Nouyòkè yo. Pwogram Tès Rapid New York Forward la, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan kad ajennda 2021 an, se sèlman youn nan anpil patenarya piblik - prive ESD a ap itilize pou ede reouvri ekonomi an apre pandemi global la epi fè New York vanse pou pi devan".

Prezidan REBNY, James Whelan, te deklare, "Lidèchip Gouvènè Cuomo pou efò vaksinasyon ak tè rapid nan tout eta a te mete Nouyòkè yo sou wout pou yon

rekiperasyon ki solid. Sa se an pati paske Gouvènè a konprann nan ki pwen patenarya piblik prive ap enpòtan nan reouvèti biznis ki reyisi ak rekonstriksyon ekonomi tout eta nou an. REBNY ak manm li yo fyè pou jwe yon wòl kolaborasyon nan Pwogram Tès Rapid New York Forward la e n ap travay ak Administrasyon Cuomo a pou devlope pwogram nan epi ogmante aksè nan tès rapid pandan semèn k ap vini yo."

Pwogram Tès Rapid New York Forward la vize pou elaji aksè nan tès rapid konsiderableman pou pèmèt biznis ak sant lwazi yo re-ouvri nan fason ki pi sekirize. Rezo a bay yon lòt kouch pwoteksyon ak konfyans pandan Nouyòkè yo ap reprann aktivite ekonomik yo, epi li antisipe enstriksyon Eta a alavni k ap ogmante limit kapasite yo an fonksyon tès la. Gouvènè a te anonse anvan ke biznis ki òganize evènman yo depase limit rasanbleman ap kapab rekòmanse dapre enstriksyon eta a nan dat 15 mas, e tout kliyan yo dwe fè tès anvan evènman an. Yo dwe avize depatman sante lokal yo alavans. Ap gen limit kapasite 50 pousan epi pa plis pase 150 moun ka patisipe nan evènman an.

Founisè sèvis tès k ap patisipe nan rezo a dwe mete tès rapid ki disponib pou pa plis pase 30 dola, bay patisipan yo rezilta yo nan 30 minit, ofri yon mekanis pou moun pwograme alavans epi repòte rezilta yo bay Eta a. Pou diminye depans tès la pou Nouyòkè yo epi ogmante kantite sit yo, Eta a ap bay aksè nan tès Abbott BinaxNow san peye pou kèk founisè epi travay ak Konsèy Imobilye Eta New York la (Real Estate Board of New York), Amelyorasyon Biznis Distri yo (Business Improvement District) ak lòt patnè atravè eta a pou idantifye espas ki vid nan sant komèsyal yo ke yo ka bay pou rezo tès la. Sit yo bay yo dwe nan yon koridò ki se yon zòn komèsyal, genyen omwen 750 pye kare espas ouvè, epi disponib imedyatman pou yon minimòm si mwa. Sit yo dwe genyen aksè nan nivo lari a, yon twalèt epi konfòm ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (Americans With Disabilities Act). Antite ki reponn ak kritè ki anwo yo epi ki enterese pou patisipe ta dwe voye imel nan rapidtestingrealestate@esd.ny.gov pou konsiderasyon.

Moun ki pa gen sentòm COVID yo epi ki pa t ekspoze resaman ak COVID-19 nan fason ki koni, ka patisipe nan inisyativ sa lè yo vizite kote k ap patisipe yo epi ranpli yon kesyonè. Moun yo dwe kontinye respekte tout enstriksyon New York Forward yo sou reouvèti a, tankou itilizasyon kouvèti vizaj, distans sosyal, ak lòt pwotokòl yo, men ki pa limite ak sèlman.

Tès nan premye sit yo ap dirije pa:

- **BioReference Laboratories** nan lokal **CVS Pharmacy** ak lòt kote yo
- **Clarity MedHealth**, ki dirije sit tès mobil yo. Gen lòt sit tès k ap ajoute nan semèn k ap vini yo ki ka transfere toupatou nan Eta a jan sa nesèsè pou sipòte aktivite ekonomik.
- **Quest Diagnostics** ap ouvri nan lòt sit nan Vil New York ak lòt rejyon atravè Eta a nan semèn k ap vini yo, ansanm ak lòt opsyon pou tès dyagnostik molekilè ki konfime COVID-19 la

Pou jwenn patnè k ap patisipe nan inisyativ sa epi pran yon randevou, vizite [sitwèb](#) pwogram nan.

Sit tès sa yo ap ouvri vandredi:

- Laboratwa mobil Clarity MedHealth nan New York City Police Memorial, Liberty Street ak South End Ave, New York, NY 10282
- Laboratwa mobil Clarity MedHealth nan Irish Hunger Memorial, Vesey Street ak North End Avenue, New York NY 10280
- Laboratwa mobil Clarity MedHealth nan Pier A, 22 Battery Place, 10004
- Bioreference, 1700 Broadway, New York, NY 10019
- Bioreference, 6 West 52nd Street, New York, NY 10019
- Bioreference, 599 Lexington Avenue, New York, NY 10022
- Bioreference nan CVS Pharmacy, 27 N 6th Street, Brooklyn, NY 11249
- Bioreference nan CVS Pharmacy, 30-97 Steinway Street, Astoria, NY 11103
- Bioreference nan CVS Pharmacy, 1916 Williamsburg Road, Bronx, NY 10461
- Bioreference nan CVS Pharmacy, 2182 Broadway, New York, NY 10024
- Bioreference nan CVS Pharmacy, 475 6th Avenue, New York, NY 10011

Yon rezilta tès negatif pa retire posiblite pou enfeksyon oswa vle di ke yon moun pa gen risk pou pran oswa pwopaje COVID-19 la. Men, depistaj ak tès inisyativ lan se yon lòt zouti - anplis itilizasyon kouvèti vizaj, distans sosyal, ak lòt pwotokòl yo - ki ka mete biznis Eta New York yo sou wout pou reouvri nan fason ki pi sekirize epi ak kapasite ki pi gran. Pou aprann plis konsènan Pwogram Tès Rapid New York Forward la epi gade enstriksyon Depatman Sante a, vizite [sitwèb](#) pwogram nan.

New York te nan ban devan nan devlope kapasite pou fè tès pandan tout kriz COVID-19 la, ki fè plis pase 200,000 tès pa jou an mwayèn. Vizite [sitwèb](#) Depatman Sante a pou jwenn yon sit tès toupre ou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)